Ассаламу гIалайкум

# АХИХЪАН

№ 45 (7446)
18 ноябрь
2020 сон
АрбагI
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Аппараталъулаб совещание



Гьал къоязда районалда, «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана иргадулаб аппараталъулаб совещание.

Гьеб рагьулаго районалъул бетIерас кIвар къун, тIоцебесеб иргаялъулаб масъалалъун кколин бихьизабуна районалъул гIадамазул хIинкъи гьечIолъи. «ГIадамазул сахлъи бук1ине ккола тIоцебесеб бакIалда. Дица гьарула нужеда, кIвар кьун балагье коронавирусалда хурхун бугеб ахIвал-хIалалъухъ, унтаразул къадар гIодобе кколеб гьечIо, гьелъул гIаксалда гьезул къадар тIаде цIикIкIунеб буго».

Хадуб букIана налогал ракIариялда хурхараб суал.

- ХIалуцинабизе ккола транспорталъул, буголъиялъулгун ракьул налогал ракIариялъул иш. ГIадамазда бичIчIизе ва бичIчIизабизе ккола заманалда налогал кьечIони тIаде штрафал рачIунеблъи,-ян абуна гьес.

ХъатIана бакIал раялда хурхарал суалаздаги. Хасаб бербалагьиялда гъоркье босе ХъахIабросулъ балеб бугеб футболалъул поле,-ян тIадкъана бетIерас иш тIаде кколезда.

Лъай кьеялъул учреждениязда бугеб ах1вал-х1алалъул информация кьуна лъай кьеялъул отделалъул начальник Къ-М. ХIасановасги. ХIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ киналго тIалабал тIуразарулел руго, лъимал кьолеб кванил кидаго хал гьабула,-ян бицана гьес. ГI. НурмухIамадовас кIвар кьуна киналго школазда ва школазда цересел учреждениязда хинлъи букIинабиялда тIад. «Лъимал квачазе бегьуларо! КIваркьеялде босе школазда ва яслиязда хинлъи чIезабиялъул суал, гьелъул кIудияб кIвар буго»,-ян абуна районалъул бетIерас.

ТIадчIана цогидал суалаздаги: районалъул территориялда федералиялгун республикаялъул программаби гIумроялде рахъинариялда, информационияб хъулухъалъул хIалтIуда, гIун бучIуneб гIел ВатIан бокьиялъул рухIалда куцаялда ва цогидалдаги.

Совещаниялъул хIасилал гьарулаго иш тIаде кколезе кьуна тIадкъаялги рихьизариялги.

## Министрасулгун дандчIвай



Дагъал церегIан къоязда районалде рачIун рукIана РДялъул жанисел ишазул министр ГI. МухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь, республикаялъул къуватазул структураялъул вакилзаби.

ГIабдурашид МухIамадович районалде вачIун вукIана Россиялъул Унсоколо районалда бугеб ОМВДялъул хIалтIухъабазда гьезул профессионалияб праздник – полициялъул хIалтIухъабазул Къо баркизе ва жидерго профессионалияб налъи тIубазабулаго хварал полициялъул хIалтIухъаби ракIалде щвезаризе.

Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовгун ва администрациялъул хIалтIухъабигун гьалбал щвана тIадаб налъи тIубазабулаго хварал полициялъул хIалтIухъабазул мемориалалде. Гьениб гьезие лъуна тIугьдулги.

Баркиялъул рагIабигун кIалъана жанисел ишазул министр ГI. МухIамадов. Баркиялъул ва баркалаялъул рагIабигун кIалъана ГI. НурмухIамадовги. «Пашманго ва ракI бухIун ракIалде щвезаризе ккола ругo жакъа нилъеца жидерго хъулухъалъул ишал тIуразарулаго хварал гIолохъаби. Гьел нилъеда абадиялъе рекIелъа инаро»,-ян абуна гьез жидерго церерахъиназда.

Гьебго къоялъ рагьана гьезул хIурматалда цIияб аллеяги. ЧIана цIиял гъутIби, гьениб щула гьабуна хваразул цIарал тIад хъвараб хъарщиги.

## «Ахихъаналъе» подписка унеб буго

Киса-кибего Россиялдаго гIадин гьаб соналъул I сентябралдаса нахъе подписка рагьана нилъер районалъул «Ахихъан» газеталъеги. Районги, вижараб росуги хириязе, гIагараб ракь бокьулезе бокьизе ккола районалъул газетаги. Гьединлъидал кIочон тоге нилъеде бищунго гIагараб районалъул газета хъвазе.

Газета хъвазе бегьула районалъул почтамталда, росабазул отделениязда ва районалъул газеталъул редакциялдасанги. Подпискаялъул багьа бащдаб лъагIалие почтамталдасан ккола г1адамазе 245,54 гъ. , организациязе - 251,84 гъ., г1адамазе лъаг1алиего подписка гьабула 490,70 гъ., организациязе 503,23 гъурущалде. Газетаялъе редакциялдасан подписка гьабула эркенаб багьаялда. Районалъул газета ккола гьелъул гIумру бихьизабулеб матIу. Гьелдасан нужеда лъазе бегьула республикаялда, районалда бугеб ахIвал-хIал, батIи-батIиял харбал, политикиял, экономикиял ва социалиял рахъалда кколел хиса-басиял, гIолелги гIоларелги рахъал, церетIурал гIадамазул, махщел камилал специалистазул хIалбихьиял, ишал, малъа-хъваял, диниял гIалимзабазул ваъза-насихIат, халкъияб медицинаялъул малъа-хъваял, яшав лъикIлъизабиялъе ресал ва цогидабги.

**ХIурматиял учреждениял организациязул нухмалъулел, росабазул админисрациябазул бутIрул!**

Районалъул «Ахихъан» газеталъул редколлегиялъ хьул гьабулеб буго нужеде, нужер коллективазда, росабалъ районалъул газета хъвазе кумек гьабун, гьелъул тираж дагьабги цIикIкIинабиялде. Хасго бюджеталъул гьеб ишалъе гIарац биччалел росабазул бутIруз исана гьеб рахъалде кIвар кьелин божилъи гьабизе бокьун буго.

***РЕДКОЛЛЕГИЯ.***

## ХIалтIулаб сапаргун



3 ноябралда хIалтIулаб сапаралъ районалде вачIун вукIана «Газпром газораспределение Дагестан» ОООялъул нухмалъулев Ризван ГъазимухIамадов.

Гьев дандчIвана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовгун. ДандчIаялда аслияб гьоркьоб лъураб суал букIана район газидалъун хьезабиялъул суал. Гьениб хIасилал гьарулаго хIукму гьабуна гьаб соналъул ахиралде Майданское росулъе газ бачун лъугIизабизе. Дандбана гьединго хадубккун цогидал росабиги газидалъун хьезариялъул суалги.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 45 (7446)
АрбагI
18 ноябрь 2020 сон



I3 ноябралда районалъул бетIер администарциялъул вакилзабигун цадахъ хIалтIулаб сапаралъ щвана Генуб росулъе.

РакIалде щвезабилин, Генуб росулъ унел рукIана нухал гьариялъул хIалтIаби. Гьал къоязда хIалтIаби гьарун рагIалде рахъана ва нух пайда босизе кьуна. ГI. НурмухIамадов ва райадминистрациялъул щвана гьенире ва гьабураб хIалтIул качествоялъул хал гьабуна.

Гьединго ахиралде щолел руго Рихьуни росулъ футболалъул поле ва спортивияб зал баялъул хIалтIабиги.



Лъай кьей

# ЛъикIай учительница

**Гьанжесеб заманаялъул инсанасул гIумро цебечIезабун бажаруларо лъай гьечIевлъун вугони. Лъай кьей абуни, нилъеда лъала, цIикIкIарисеб къадаралда бараб букIуна мугIалимасда, хасго байбихьул классазул учителасда. Гьанже гIемерисел учительзабаз хIаракат бахъула шагьаралде нух бахъизе, гьенив живго цеветIезавизе, хасго гIолохъанаб гIелалъ. Росдал лъималазде ракI бугел, гьезие пайдаяллъун рукIине бокьулелги гIемерал руго Унсоколо росулъ учительзаби. Гьединаздасан цояйлъун ккола Унсоколо № 2 школалъул байбихьул классазул учительница Саният ХIасанова.**

ТIоцевесев учителаслъимал рачуна гвангъараб классалде, малъула тIоцебесеб хIарп хъвазе, кIиго тарих жубазе. Гьелдасан байбихьула кинабго. ХIаракат бахъула учительницаялъ щивав цIалдохъанасул рекIелъ цо гьитIинабго хIенехI батизе. Гьениб гьелъ кьучI лъола лъималазе гьеб хIенехI тIубараб гIумрого гвангъизабулеб канлъиялде сверизабизе. ГIумроялъул нух тIаса бищизе кумекалъе ятулей бищунго гIагарай гIаданлъун ккола щивасе тIоцеесей учительница. Лъималазда ракI бугей тIоцеесей учительницаялъ рес кьола гьел жалго-жидедаго чIараллъул куцазе, малъула хъвазе, цIализе, жиндирго пикраби гIумроялде рахъинаризе, гIумроялъго жавабчилъи цIикIкIаравлъун, гIадлу бугевлъун вукIине. ТалихI бугесе тIоцебе ккела гьединав учитель. РакIчIун абизе бегьула гьединайлъун кколин ХIасанова Саният ГIабдулаевнаги.-абун.

200I соналда росдал гьоркьохъеб школаги лъикIал къиматазда лъугIизабун Саният ХIасанова цIализе лъугьана педучилищеялъул байбихьул классазул учительницалъун, 2003 соналда гьебги лъугIун цIализе лъугьана Дагъистаналъул педуниверситеталъул психологиялъул факультеталде. 2007 соналда тIокIлъигун гьебги лъугIизабун хIалтIизе лъугьана гIагараб росдал школалде.

Бигьаго букIинчIо, дагьал церегIан соназдаги жийго цIалдохъанлъун йикIарай ясалъе школалда гьитIичазе тIоцересел дарсал кьезе. БичIчIулаан Саниятида жинцаго тIаса бищараб махщалил жавабчилъи, щибаб лъимералъул гIумруялъул нухда лъолеб хIетIе жиндирго



лъаялдаги, гIаданлъиялдаги, бажариялдаги, тIаса бищараб нухалъе ритIухълъиялдаги бараб букIин. Гьеб кинабго абуни Саниятилъ гIунги тIокIаб буго. Дида гьедин абизе кIола гьелъул мугъчIвалеб бакI щулияб букIиналъ. Росулъ лъида лъаларей Саниятил эбел, гIемерал соназ ансадерил лъималазе лъайгун тарбия кьурай, махщел камилай учительница ПатIимат ГIабдурахIмановна. Чан соналъ цебе школа лъугIун батаниги рекIелъ рохелгун, гьурмада гьимигун ракIалде щвезаюла росдал гIадамаз ПатIимат ГIабдурахIмановна. Эбелалъул нух тIаса бищарай Саниятилги лъималазе тарбия кьеялъул иш батIайиса букIине рес гьечIо.

Щай дуца гьеб махщел тIаса бищарабин абураб суалалъеги гIемер ургъичIого жаваб кьола ХIасановалъ: «Дир рукIана гIемерал лъикIал, хIалбихьи бугел насихIатчагIи, гьезда гьоркьой бищунго дие гIагарайлъун ккола дирго эбел. Гьезул киназулго кумекалдалъун дун ругьунлъана лъималазул рекIелъе нух батизе, хадусел классазде гьел тIубанго хIадурараллъун ритIизе дицаги хIаракат бахъула»,-ян.

Кинал рукIарал дур пикраби тIоцее школалде дарсал кьезе ячIараб мехалъ?,-абун кьураб суалалъе гьелъ жаваб кьола: «ТIоцебе букIана дагьабго рекIелчIей гьечIолъи, амма дида сверухъ руссарал гIисинал цIалдохъабаз, къисматалъ гьезул гIумроялъул байбихьи ва хадусеб гIумроялъул нухалъе кьучI лъей дагьаб букIаниги дида бараб букIин бичIчIарабго рачахъана дица рекIелъа гьел. Дунго талихIайлъун йихьула дида гьезул беразулъ рохалилаб асар, цIалуде бугеб рокьи, цIияб лъазе гьезул бугеб гьира бихьараб мехалъ. Гьай-гьай рукIуна лъималазул цо-цо гIунгутIабиги, цIалудехун тIаса-масагояб бербалагьиги. Гьединлъидал щивав цIалдохъанасдехунги букIине ккола хасаб бербалагьи, тIалабчилъи, дагьаб-макъабго букIаниги ритIухъаб кьвариги. Лъималазулъ гьел гIунгутIаби лъугIизарун яги дагьлъизарун бажаригун ракIалде ккола, дун мекъи ккун гьечIин, дица битIун тIаса бищун бугин учителасул махщел»,-абун.

Школалда цохIо дарсал кьеялда къокълъуларо Саниятил хIалтIи. ЦIикIкIараб кIвар кьола гьелъ класстун къватIибехунисеб хIалтIиялде ги. ХIалтIул заман лъугIанилан рокъоб ракI хIалхьуларо гьелъул, тIадеги кIвар кьола цIалулъ, хъваялъулъ, матемтикаялъул рахъалъ нахъе ккарал лъималазде. Гьей гIемер уна лъималгун тIабигIаталде. Лъай-хъвай гьабула тIабигIаталъул киналго берцинлъабазулгун, ругьун гьарула гьел гьеб бокьизе ва цIунизе, гьелдаса пайда босизе ва жалго пайдаяллъун рукIине нилъеда сверухъ бугебщиналъе.

Абизе ккола талихIал ругин гьединай учительницаялда цере ккарал лъималазул эбел-эменги,-ян. Щайгурелъул гьелъ тIаса босулеб бугелъул гьездаса лъималазе тарбия кьеялъул цо хасаб, кIвар цIикIкIараб бутIа.

Гьарула дуе, Саният хадубккунги хIалтIулъ чIахIи-чIахIиял бергьенлъаби ва цебетIей, сахлъи, талихI, творчествоялъул рахъалъ бечедаб, халатаб гIумро!

**ГЪ. НУРУДИНОВ**

ДАССР гIуцIаралдаса 100 сон тIубаялде

# Районалда цадахъаб гIумро гIуцIиялъе

**(Материал газеталда кьолеб буго щибго хисизабичIого)**

Жиндир бетIералда халкъалъул вокьулев вождь, эмен, учитель гьалмагъ Сталиница нух бихьизабулеб коммунист партиялъул нух бихьизабиялда гьоркь нилъер улкаялда социалистияб гIуцIиялъ бергьенлъи босана, гьеб социалистияб гIуцIиялъ нилъер ватIаналъул захIматчагIи халкъалъе букIинабуна рес бугеб, бохараб ва культуриябги гIумро, жинда релъараб цогидал улкабазда гьечIеб ва букIине ресги гьечIеб гьел улкабазда капитализм ва фашизма бугогIан заманалда.

Социализм гIуцIиялъул рахъалъ нилъер улкаялъ росарал тарихияб бергьенлъаби, нилъер заманаялъул кIудияблъун бугеб документ Сталинилаб Конституциялда хъван буго ва гьелдалъун щулаги гьабун буго.

### Колхозазул рахъ

Жакъа нилъ балагьизин СССРалда кIудияб Октябрь социалист революция ккун 2I сон тIубаялъул рохалилаб праздникалде нилъер Унсоколо район кинан бачIунеб бугебан: Хунзахъ районалда бищун нахъе ккараблъун букIараб участкаялда гIуцIараб нилъер районалъ жакъа къоялда балагьани, социалистияб магIишат гIуцIиялда жаниб кIудиял бергьенлъаби росун руго.

ТIоцебе район гIуцIилалде букIун батани 3 колхоз, дагьалго членаздасан данделъараб, гьабсагIаталда районалда буго I5 колхоз, жинда жаниб 3I7I хозяйство ва 47I0 хIалтIулаб рухIги бугеб, районалда коллективизациялъул процент бахун буго 9I,7 проценталде, колхозазда кодоб буго I0I08 бетIер гIи ва цIани, 484 бетIер чIегIерхIайван, 76 бетIер хьванул, I23465 гьветI батIи-батIиял тIадегIанал сортазул пихъалги, колхозазда жанир гIуцIун руго 9 ферма. 3 колхозалъе даимаб мунпагIат ракьалдасан босиялъе хIукуматалъул акт кьун буго. ХутIарал колхозазда гьединабго куцалда ракьалдасан даимаб мунпагIат босиялъе хIукуматалъул акт кьеялъул мурадалда землеустроительнияв хIалтIаби гьарулел руго, кватIичIого гьезиеги хIукуматалъул актаби кьезе буго.

Районалъул колхозазе хIадур гьарун руго кадраби: предколхоз – 8 чи, счетоводал – I4 чи, зав. фермаби 2 чи ва I0 чи гьабсагIаталда завфермаби хIадур гьарулел курсазда цIалулел руго, искусственнияб кьагIидаялда хьон биччазе хIадурулел руго 8 чи. Колхозаз жидерго строителал рукIинарулел руго: Иргьаниб Сталин колхозалъ искусственияб кьагIидаялъ хьон биччалеб пункт бан лъугIулеб буго, ХьахIабросулъ ва Колоб ралел руго концеляриял ва складал, гьел кватIичIого лъугIизеги руго.

(Ахир 4 гьумералда)

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 45 (7446)
АрбагI
18 ноябрь 2020 сон

3 гьумер

**Садовод**

Страница в номере




# Как меняется молодежь в России

На 978 девушек в нашей стране приходится 1000 ребят, сообщает сайт Всероссийской переписи населения. Как менялось соотношение юношей и девушек и их подход к семейным ценностям, какой пол наиболее свободолюбив, а какой — за официальный брак и что покажет предстоящая Всероссийская перепись населения? Об этом рассказываем 10 ноября — во Всемирный день молодежи, неофициальный международный праздник всех молодых.

Как показала Всесоюзная перепись населения 1939 года, в предвоенное время в Советском Союзе проживало 47,5 млн молодых людей, из них 23,2 млн юношей и 24,3 млн девушек. То есть девушек уже тогда, по статистике, было чуть больше. Следующая же перепись состоялась лишь 20 лет спустя и рассказала о том, как восстанавливались демографические показатели после ВОВ в общем и по молодежи в частности.

Несмотря ни на что, в СССР по итогам первой послевоенной переписи (1959 год, спустя 14 лет после войны) переписчики насчитали 53,1 млн молодых людей, из них 26,4 млн юношей и 26,8 млн девушек. Примечательно, что подход к семейным ценностям у них оказался разный. В официальном браке на тот момент состояли 19,9 млн человек (37% всей молодежи), однако цифра разделилась не поровну: замужними себя считали 11,5 млн девушек (447 из них было по 14 лет), а женатыми — всего 8,4 млн молодых людей (из них 14-летних было 175 человек).

Надо сказать, что на момент проведения обеих переписей молодыми людьми считались все жители Советского Союза с 14 до 28 лет, причем последняя рубежная цифра была привязана к окончанию комсомольского возраста.

В современной же России возрастные рамки сдвинулись. На данный момент у нас действуют официальные Основы государственной молодежной политики РФ на период до 2025 года, по которым «молодежь — группа, включающая лиц в возрасте от 14 до 30 лет». При этом верхняя возрастная граница уже ни к чему не привязана в отличие от нижней: с 14 лет начинается уголовная ответственность (в СССР с 1935 года уголовная ответственность наступала с 12 лет).

Перепись населения 2010 года показала, что молодых людей в возрасте от 14 до 30 лет в стране было 36,3 млн человек: 18,4 млн юношей и 17,9 млн девушек. В среднем на 1000 юношей в РФ получилось 978 девушек, при этом в общем по стране на 1000 мужчин приходилось 1163 женщины. Получается, соотношение полов молодежи с середины XX века заметно изменилось, и чем моложе сейчас мужчины, тем выше среди них конкуренция за достойную девушку и спутницу жизни в отличие от довоенного и послевоенного периодов.

В официальном браке в 2010 году состояло 9,6 млн молодых людей и девушек (уже 30% всей молодежи), однако опять эту цифру оба пола поровну не разделили: замужними себя посчитали 5,5 млн девушек, а женатыми — всего 4 млн молодых людей. Отклонение стало меньше, однако факт остается фактом: юноши определенно любят свободу больше девушек.

Ну а как же те, кто считался молодыми людьми на момент появления Всемирного дня молодежи — после окончания Второй мировой войны? Из тех, кому в 1945 году было от 14 до 28 лет, в 2010 году здравствовали 4,8 млн человек. К тому времени им было от 79 до 93 лет соответственно. По информации Росстата, из них 1,1 млн дедушек и 3,7 млн бабушек. В среднем на 1000 дедушек приходилось 4205 бабушек. Как показывает мировая статистика, женщины живут дольше мужчин, что подтверждают и данные Всероссийской переписи.

На 2014 год, согласно Основам государственной молодежной политики на период до 2025 года, численность жителей России в возрасте от 14 до 30 лет составляла уже 33,2 млн человек. То есть с 2010 по 2014 год количество молодых людей в нашей стране сократилось на 3,1 млн человек.

При этом в 2020 году в Совете Федерации РФ предложили расширить возрастные рамки для молодых людей с 14 до 35 лет. Анонсированный чиновниками пакет законопроектов о молодежной политике пока находится в процессе обсуждения. Данное решение имеет под собой понятную логику: за прошедшие десятилетия с момента окончания ВОВ продолжительность жизни во всем мире увеличилась и продолжает расти, многие страны оптимизировали пенсионный возраст, соответственно, будет правильно сделать то же самое относительно молодых людей.

Сколько же молодежи живет в России сейчас, сколько юношей и девушек, как изменились их интересы и подход к созданию семьи и рождению детей, мы узнаем после обработки данных новой Всероссийской переписи населения. Она уже началась на отдаленных и труднодоступных территориях нашей страны, основной же этап пройдет с 1 по 30 апреля 2021 года.

От новых данных и понимания, как развивается и меняется молодежь, зависит дальнейшая демографическая политика государства, прогноз относительно структуры населения страны и решения о запуске или оптимизации социально-экономических программ.

Всероссийская перепись населения пройдет с 1 по 30 апреля 2021 года с применением цифровых технологий. Главным нововведением предстоящей переписи станет возможность самостоятельного заполнения жителями России электронного переписного листа на портале Госуслуг (Gosuslugi.ru). При обходе жилых помещений переписчики будут использовать планшеты со специальным программным обеспечением. Также переписаться можно будет на переписных участках, в том числе в помещениях многофункциональных центров оказания государственных и муниципальных услуг «Мои документы».

# Уйдет ли торговля в онлайн:что покажет перепись населения

Основным драйвером развития индустрии становится привычка “жить в сети”, характерная для представителей Y-поколения. Согласно Теории поколений, рожденные с 1985 по 2000–2003 годы с легкостью платят за удовольствия и также быстро стремятся заработать, они зависимы от соцсетей и лидеров мнений и не скупятся в оплате эмоций. Сегодня, по статистике, они все активнее выходят на рынок труда, разбавляя более консервативное и экономное X-поколение. Согласно данным последней переписи населения, соотношение X/Y — 34,9 млн/32,5 млн человек и это гарантирует, что онлайн не убьет оффлайн-торговлю.

В России с начала года, по словам профессора базовой кафедры торговой политики РЭУ им. Г.В. Плеханова Вячеслава Чеглова, доля онлайн-заказов выросла примерно до 10% в общей объеме розницы.

“Это немного, но канал стал гораздо заметнее, примерно 80% населения теперь воспринимают его как канал, и он может быть использован при необходимости. Молодежь уже освоила онлайн-покупки, для представителей старшего возраста возможность обозначена, — подчеркивает Вячеслав Чеглов. – В виду второй волны ограничений из-за распространения коронавируса доля канала в обозримом будущем может достичь 20%”.

Однако это не станет угрозой для традиционного ритейла.

“Оффлайн-торговля не просто продолжит существовать, хотя и “встроит” в себя онлайн, но останется главным каналом продаж, поскольку полного доверия потребителя онлайн-покупкам до сих пор нет”, — прогнозирует эксперт.

Это при том, что технически россияне готовы тратить деньги в интернете, что подтверждает статистика. Так, в сентябре 2020 года, по данным Росстата, объемы продаж через интернет по крупным и средним торгующим организациям по сравнению с августом 2020 года выросли на 0,5% (в сопоставимых ценах), с сентябрем 2019 года – в 2,3 раза! Доля онлайн-продаж в общем обороте розничной торговли выросла до 5,4% против 2,6% в сентябре 2019 года. В общем объеме интернет-торговли более 60% приходится на долю DNS, OZON, WILDBERRIES, М.Видео, Ситилинк.

Уровень проникновения интернета и “мобилизация” населения сейчас достаточно высоки. Подсчитано: в первом полугодии 2020 года количество россиян, выходящих ежедневно в интернет с мобильных устройств, достигло 142,7 млн человек. При этом у каждого гражданина – более двух устройств для мобильной связи.

Информацию о том, как меняется состав населения страны, а с ним и ценностные ориентиры, присущие разным поколениям, может дать предстоящая Всероссийская перепись населения. Впервые применяемый Росстатом анализ больших данных (Big Data) позволит быстро получить точную статистику численности и других характеристик населения, которая позволит социологам и экономистам сделать анализ и прогноз относительно потребительских предпочтений россиян. Заинтересованность в такой информации уже высказали большие корпорации — Росстат обещает поделиться ей со всеми жителями страны бесплатно.

«Крупный бизнес, который работает с данными, как Сбербанк, Яндекс, уже стоит в очереди за получением всего массива информации. Для более мелкого бизнеса будут интересны данные о составе населения на определенных территориях. Перед открытием любой точки продаж предпринимателю нужно знать, где его потребитель находится. Сейчас коммерсанты выкладывают большие деньги за подобные исследования. Теперь эту информацию можно будет найти в свободном доступе на нашей BI-платформе. Любой бизнесмен, который захочет открыть точку продажи, зайдет к нам на сайт и сможет увидеть социально-демографический портрет жителей любого населенного пункта. И уже точно решит: стоит ли открывать продуктовый магазин или лучше спортивный, а может быть, товары для детей, если в районе высокая рождаемость и много молодых семей. Все это будет полностью бесплатным», — говорил ранее заместитель главы Росстата Павел Смелов.

Всемирный день шопинга — праздник новый. Он появился в 2009 году в Китае и приурочен к онлайн-распродажам, сопровождающим национальный День холостяка: цифры 11.11 символизируют одиночество. Со временем “холостой” статус праздника потускнел, День стал всемирным, как и проникновение электронной коммерции.

Всероссийская перепись населения пройдет с 1 по 30 апреля 2021 года с применением цифровых технологий. Главным нововведением предстоящей переписи станет возможность самостоятельного заполнения жителями России электронного переписного листа на портале Госуслуг (Gosuslugi.ru). При обходе жилых помещений переписчики будут использовать планшеты со специальным программным обеспечением. Также переписаться можно будет на переписных участках, в том числе в помещениях многофункциональных центров оказания государственных и муниципальных услуг «Мои документы».

# Районалда цадахъаб гIумро гIуцIиялъе



ГIи-боцIул тайпа лъикI гьабиялъул мурадалда хIукуматалъ щибаб соналъ колхозалъе цIикIкIараб кредит биччала. Гьедин I938 соналъ биччараб I4000 гъурущалдасан, райзоялъул ва колхозазулги тIалаб ва ургъел гьечIолъиялдалъун 9000 гъурущ гурони пайда босичIого хутIун буго. I937 соналда нилъер районалъул колхозниказ цо захIматкъоялда тIад цIикIкIараб доход босана, масала: Иргъаниб Сталинил цIаралда бугеб колхозалъ цо захIматкъоялда тIад 20 гъ. I0 коп. гIарац бикьана, Генуб Ворошилов колхозалъул I0 гъ. 70 коп, Зирани колхозалъул I0 гъ. 50 к. Игьали I0 гъурущ, районалдаго данде бачун I937 соналда цо захIматкъоялда тIад бикьана 9 гъ. 27 копеекги.

Гьединаб цIикIкIараб доход янгъизаб магIишаталда кидаго босизе кIвечIо кIвезеги гьечIо.

I938 соналда нилъер районалъул колхозаз цо захIматкъоялда тIад цIикIкIараб доход босизе буго. Масала, Унсоколо колхозалъул 20 гъ., Игьали I9 гъ., Балахьуни I2 гъурущ. ТIолго данде босун балагьани районалдаго цо захIматкъо бахунеб буго I2 гъурщиде.

I937-38 соназда росдал магIишаталъул хIалтIабазда росарал бергьенлъаби ва гьединго цIикIкIараб бачIин бакIариялдалъунги Иргъаниб Сталинил колхоз I939 соналда Москвалда букIине бугеб ТIолгосоюзалъул росдал магIишаталъул выставкаялде кандидатлъун тасдикъ гьабун буго. Гьединго выставкаялде кандидаталлъун ккезе къеркьолел руго районалъул цогидалги колхозал.

Гьелъ мухIканго бихьизабула магIишатияб ва гIуцIиялъулги рахъалъ нилъер районалъул колхозал щула гьарун рукIин. Гьелъ колхозниказда тIадаблъун гьабула колхозалда жаниб дагьабги цIакъ Стахановасулаб къагIидаялъ хIалтIизе ва колхозияб гIуцIи щула гьабизелъун нахъаса къотIи гьечIеб къеркьей гьабизе.

### Культураялъул рахъ

Культурияб рахъалъги нилъер районалда лъикIал бергьенлъаби руго. Революция ккезегIан цебеккун нилъер районалъул захIматчагIазда ва гьезул лъималазда школа щибжояли лъалароан ва гьел школазда гьезие цIализе бакIги букIунароан, гьенире цIализе росулаан кулаказул, помещиказул, полковниказул ва цогидали доб заманаялда жудер тIадегIанлъиялъул рахъалъ гIуцIаразулги лъимал. Революция ккезегIан цебе нилъер районалда цониги школа букIинчIо, гьале инкъилаб ккун хадуб Совет хIукуматалъ Ленинил, Сталинил тIадегIанаб партиялъ ва гьалмагъ Сталиница цIикIкIараб кIвар буссинабуна ва гьабулебги буго халкъалъул культура цIикIкIине ва борхиялда тIад. Гьелъие гIоло нилъер улкаялда кулабазде гIунтIун школал гIуцIун руго. ЦохIо нилъер районалда буго I4 байбихьул школа. Гьезда жанир цIалулел руго I4I7 колхозниказул ва захIматчагIазулги лъимал. Буго 3 тIубачIеб гьоркьохъеб школа, жанир цIалулел руго 979 цIалдохъан.

Районалда руго бакIалъул колхозазда гьоркьоса гIурал лъималазе коммунистияб тарбия кьолел учительзаби 83 чи, гьезда гьоркьоса тIадегIанаб лъай бугел 3 чи, гьоркьохъеб лъай бугел I9 чи, хутIарал гIодобегIанаб лъай бугел.

Нилъер районалъул школазда дагьал гьечIо цIалул отличникал, лъикIал физкультурникал, батIи-батIияв гьунаразда жал ругьунлъарал.

Гьединал руго Генуса НурмухIамаева Умарагьим, жинца Дагъистаналъул халкъалъул творчествоялъул олимпиадаялда лъикIал гьунарал гьариялдалъун лъабго батIияб премия босарай, гьединал чанго батIи-батIиял руго.

Районалда руго I4 чIахIиязул школа. Гьенир цIалулел руго 35II чи.

Лъай кьеялъул органаздеги рорчIун рукIарал халкъалъул тушбаби Самурскиял, Мамедбеговал, Далгатовал, Астемировал ва гьел гурелги цогидали гьезул рачIчIазе, нахъегIанал гьабзазе жаваблъун букIине районалда буго цо дом соц. культура, I4 изба читальня, 6 клуб жинда жанибги халкъалъе лъай кьеялъе киналго шартIал ругел.

### Нухазул рахъ

Нухазул рахъалъги районалда лъикIал бергьенлъаби руго. 3-4 сельсовет гурони жинда жаниб машинаниги гьокониги бачIунареб гьечIо.

Нухал гьариялда гьоркьоб районалъул захIматчагIаз кIудияб гъирачилъи ва инициативаги бихьизабулеб буго. Нухал гIатIид гьариялъе букIараб план 4 км. бакIалда тIубазабун буго 75 км. Жанисеб ремонт гьабизе букIараб I2 километралъул бакIалда 25 километра гьабун буго.

ЩетIендерил ва къакьадерил жамагIатаз жидецаго жидерго инициатива ва гъирачилъиялдалъун кIудияб октябрь социалистияб революция ккун 2I сон тIубаялъул праздникалде жидерго росулъе гьакилнух бахъун тIубазе тIаде босун букIана. Гьез гьеб тIадебосиги тIубазабуна. Гьанже гьенире гьакал хьвадулел руго.

ХIукуматалъ нухазул хIалтIи лъикI гьабиялъе щибаб соналъ цIикIкIараб гIарац биччала.

I938 соналда нухазул хIалтIуе хIукуматалъ биччан буго 39500 гъурущ.

### Сахлъиялъул рахъ

Халкъалъул сахлъи цIуниялъул ишалда тIад партиялъ ва хIукуматалъ цIикIкIараб кIвар кьола ва гьелъие цIикIкIараб средствоги биччала. Нилъер районалда буго Дагъистаналъул мугIрузул районазда бищунго лъикIаблъун рикIкIунеб больница, жинда жаниб 25 койка бугеб. Гьединго бакъул унтуде данде рагъ гьабулеб станция, фельдшерский пункт, амбулатория ва аптека. Гьелдалъун районалъул захIматчагIи ва колхозниказе рес букIине буго жидерго сахлъи цIуниялъул иш букIине кколеб куцалда гIуцIиялъе, гьелдаго цадахъ жиб-жиб росабалъе гIунтIун рагьун руго детяслаби жиндалъун лъималазул сахлъи цIуни ва гьезие коммунистияб тарбия кьеялъул хIалтIиги лъикIаб куцалда гIуцIиялъе рес бугеб.

### Консервнияб заводал

Революция ккезегIан цебехун нилъер районалъул захIматчагIи рекъарухъабаз жидерго пихъ Буйнакс ва цогидалги шагьаразде босун учузаб багьаялда бичизе кколаан. Гьанже гьеб захIмалъи рекьарухъабазе гьечIо, районалда рагьун буго 3 консервний завод, жидеда жаниб цIикIкIараб качествалъул конвервал ва цогидабги продукция гьабулеб, кватIичIого Унсоколо росулъ гьабизе буго кIудияб механизированний консервний завод, жиндалъун рес кьезе бугеб районалъул пихъил колхозазе пихъил цо горо гIадада хвечIого хIукуматалъе кьезе ва тIадегIанаб качествоялъул консерв ва цогидабги продукция гьабизе.

### Поч-телеграф

Почта-телеграфазул рахъалъги цебе район гIуцIизегIан щибго букIинчIеб бакIалда гьанже нилъер районалда 4 почталъул отделение, радиоузел буго. ГьабсагIаталда нилъер районалъул захIматчагIи колхозниказда нилъер улкаялда бокьараб бакIалдасан хабар ва цогидабги лъугьа-бахъин лъазабула.

Гьединго гьанже нилъеда цебе чIун бугеб районазул ва росабазул захIматчагIазул депутатазул советазде рищиязде гьабулеб хIадурлъи большевикияб куцалда нухда лъезе ккола.

**Ш. БАЗАРГАНОВ.**
**«Унсоколо колхозник» I938 сон.**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 18.09.20 г. 17.20
фактически -18. 10 мин.

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.